

Cangaayal Janaaba

Bismil-I-Lâhi-r-Rahmâni-r-Rahimi

Par: Imam Mouhammadou Sakhir Gaye RTA

« Xaala ibnu » Jibriil di santa Yàlla mi mey Limaamu mey yu réy yu sella

Jakleel ka xamxami « luduniyaati » xamalka « maa madaa wa maa sayaati »

Sellal ka jox ka laabukaay yu sella jox ka na ñuy sangoo cangaayal set la

Ndax jaamu Yàlla gu àndul ak set ga deefu ko nangu faf ko def muy moy ga

Loolo waral ma jok wax ngir Yàlla di laayebiir jullit ñu gëm ña Yàlla

Te manu ñoo wéral cangaayal farata xamu ñu it lu ciy sunnaak luy farata

May wax di jééma nas la Isaa yaxaloon Ibnu Imaama Laay mi ñépp wòòluwoon

Moom la bindoon yonnéé ko kuy muxadam ci yoonu laayeen ndeke booba dey dem

Wuyyuji Buur Yàlla te bëggë yeesal la ñu ka dénkoon ndax ñu man di sellal

Ba mu yonnee lile cangaay ci réew yi ak bamu wuyyujee Boroom
mbindééf yi

Ñenenti weer la ak ñaar fuk ak juroom ciy fan ndegul ma wax la ndax
nga bañ ca juum

Loloo ngi xew gaawu bu yemmook ñatti fan, ci maamu Koor te moom
mu jok ñar fuki fan

Yu ték juroom ñaar ya ci weeru Kori wa ca menna atma muy ca xéytél
weer wa

Atum junni ak ñatti tééméér ak juroom benn fukak juroom ñatta la njool
ma dem

Te moom juroom ñaar fuki at ak ñatti at la tollu cik dundam booba ca
mooma at

Nan dellu jëm si nak li nu jubluwoon moodi cangaay la Seydi Isaa
yaxaloon

Niki ñu kay sangoo da ngay jëkk raxas sa ñaari ténka ñatti yoon nga kay
raxas

Balaa nga leen dugël ca ndap la doora siw ca foofa ngay siwe ngay fas
yééné yaw

Bul fatte “Bimi Laahi” ca fangay raxase , say ténxo doora siw bu leen di
jaxase

Ginnaaw ba nga siwée ba noppi raxasal fu fi sobe taxoon ci yaw ak fumu
dal

Bu jàppandee nga randu tuut taxaw feneen ndéém raxasit ma taa na ,
looloo gën ci yoon

Nga daldi tek raxas sa ñaari loxoya dale ca mbàgaya ba ca baaraam ya

Ta nga jëkk raxas loxab ndijoor ba boo àgagalee daldi ca tek càmmoñ ba

Nga daldi cay tek sa wetuk ndijoor, daleel, ca mbaga ma mu jëm ca yeel
ba bul tayeel

Boo aggalee tek ca wetuk càmmoñ ga nga def ko na nga def wetuk
ndijoor ga

Nga tek ca dënnë ca baat ba di ko raxas muy wacc jëm ca yeel ba

Nga tek ginnaaw ga tàmbalee ca doq ga mu jëm ca yeel ba loolu mooy
xobeeku ga

Nga doora jàpp cër bu neck benn yoon boo dee raxas sa bopp def ka
ñatti yoon

Dangay sëggël sa bopp boo ka dee raxas nga tàmbalee ca dong ga boole
kaak raxas

Say nopp biir baak ca mbooleem biti ba moomiit nga def ko ñatti yoon ni
bopp ba

Nga tek ca raxasaat wetuk ndijoor ga nga jànga “faatih” boleek raxas
ga

Nga tàmbalee raxas xa pàqu bopp ba mu àndandook “faatih” jëm ca
yeel ba

Boo àggalee tek ca wetuk càmmoñ ga mu àndak “faatihà” nig u ndiijoor
ga

Nga tek ca sab dënnë dale ka ca jé ba mu àndak “faatihà” ba ca jumbux
ba

Nga tek ginnaaw ga tàmbalee ca dong ga ak “faatihà” raxas mu yam sa
ndigga

Ndéém raxasoowoon tanka ya ca njapp ma nga daldi leen raxas, set nga
tojma

Nga jël sa ñaari loxo tanka cam ndox sotti ci sa kaw bopp ba boole kaak
wax

Ne “Bismi Laahi Rahmaani Rahiimi, al hamdu lilaahi Rabbil aalamiina”
daldi

Cay tek “laa ilaaha illaa laahu Muhammadu Rasuulu Laahi salla Laahu”

“alayhi wasalam” foofa la cangaay la mate , farlul ba di def lile cangaay

Deklul ba xam lu cay sunnaak luy farata ndéém yaa ngi jëm ci def
càngaayal farata

Am na ci way xam yi ku wax ne ku xamul luy sunna yak farata kooka
sanguwul

Ndax am tojam setul cangaayam neen la te mbooleem julli yunu ca julli
neen la

Am na ci ñoom ku wax ne yit ndéém sangu nga, na ñuy sangoo te juumuloo ci set nga

Ndeem xam nga ne cangaay li santeb Yàllaa bu war ci bépp jam bu gëm Buur Yàlla

Waxal ne faratay cangaay juroom la yééné ja booy dug ca biir cangaay la

Méngélé cër ya, lim ka mooy ñaareel ba ragga ga mbooleem cër ya mooy ñatteel ba

Matale cër ya ñëw na di ñeenteel ba xàllil kawarga moo matal juroom ba

Sunnay cangaay la mooy nga jëké loxo ya raxas ka ba taku kaayi jara ya

Balaa nga leen dugëlca ndab la ñaati yoon raxas sa biir bënbenü nopp ñatti yoon

Galaxndikook soraxndiku yii sunnala leneen lu des xamal ni lu ñu sopp la

Bu dee ku léttu soxlawul muy firiku ci booy raxas bopp ba waaye war na ko

Mu jël ca ndox ma def bu baax ca létt ya bës ka ba derba tooy ci suufi létt ya

« Al hamdu lilaahi » ba la nu jubluwoon matee ci nas la Seydi Isaa yaxaloon

Maa ngi gërëm bu baax di santa Yalla cim ndimmëlëm ba woy wi mat bu sella

Nan santa Baay Laay mi nu tee rootaa-ni taalam ba leeral na sowook
« Buldaani »

Nuy ñaan ci Yallam ndimmëlëm ba nu metal lile cangaay ci fépp fu ñu ka
waral

Ak fuñu ka sunnal “wa salla Laahu alaa Nabiiyinaa wa man waa lahu”

MARSIYA MAME BABACAR LAYE

ECRIT EN 1966 PAR IMAM MOUHAMADOU

SAKHIR GAYE

1. Alhamdu li Laahi gueum Buur Yallah war na
te gueum dogalam ya ndéém sunu diine wér na
2. Li Yallah dogal ci ab jaamam manul jaas
di nay am faw ndakh attéém ba daw na
3. Lu jiitu amuk mbindééf yi ci ay junniy at
la Yallah dogal dogal ya te loolu wér na
4. Ba looloo tax lu Yallah dogal ci ab jaam
du degn ci pexeem mbindééf ndéém Yallah bagn na
5. Xanaa mootax Serigne MBaye Baabakar Laay
di bayyi ndiaboot gi nii bania took "xuruunaa"
6. Demam gee bett waa dunyaa ci mbooleem
gni xam Baay Babacar seen xol leundeum na
7. Laayeen goo xamne amatul Seydinaa MBay
xanaa asamaan su amatul jant xam naa
8. Fu nuy lakhooti, moo fu nu deeti daw jeum
ka doon yaakaari adina jepp dem na
9. Mbindééf la mu Yallah amaloon ngir ga aajoy
mbindééf yi ku jaaxle waa ba jubal fa raw
10. Ba looloo tax tureum wa demoon ba kodiwaar
ba jamma gineeki gannar fep siiw na
11. Te ndamba la woon bu feenioon fii ci kap weer
te doon menniant ci Mahdiyou loolu wér na
12. Nanguk niaan ak fajuk aajoo ki feebar
donoom ci Limaamu Laay la te loolu sax na
13. Fu nuy xooleeti Baay Laay ciw meloom ak
doxin waak, wax ju xumba ja, nir wa dem na
14. Adina yaa di ab workat nde koon kay
nga andak Babacar mu jarin jamaana

15. Bu fekkoon dee lu nuy mana jot la koon kay
nu jot ko ci ruuyu doy ba du faatu "laana"
16. Waxal neel gééj la woon gu di fuur ci xamxam
ci "saahir" ak ci "baatin" loolu wér na
17. "fiq" aaki "luxaak, neuhwuk taarix, haruud" ak
"Bayaan, siira" ak "adiss, tafsiiir Xuraanaa"
18. Bu daan adiis i lenn ci yii ngay yéém
te andak xol bu fééx ba nga naa rafet na
19. Limaamul Mahdiyoo ko soloon ci baatin
ci gééji "hikam" la duy ba ndabam fenngatna
20. Ca leetar yooya Baay Laay jangaloo woon
Serigne MBaye Thiaw kerook la ko sol ba raw na
21. Ba Baay Laay naa ka MBay kula laaj sa meetar
ci xamxam neel Limamu sangub jamaana
22. Ku lay laaj meetarub Baay Laay waxal neel
xanaa Buur Yallah rabbul aalamina
23. Serigne MBay daa na netali lii miraaran
ba moo tax xamxamam ku ka xam ne yay na
24. Ku xam Baay Laay te xam Baay MBay te gis ka
di nay tiit cik demam ndéém xol ba yiw na
25. Malaaka yi sax kheutio na nu ruu ga niu naan
na dem tey gnii ne bu mu dem fan wi dess na
26. Kerook Baay Mbay kheumoon na ba dellu ximmi
naan
man dey gis na ludul jaas dik bi nieuw na
27. Limamoo ngii di may woo faw dinaa dem
Malaaka yi niooy werante nde saa si jot na
28. Ci at mudi "wafsasín" ci gadaayuk Yonnen
la Baay MBay fekki Baay laay illa yiina
29. Ci wer wudi maamu koor "kahnu" ca weer wa
Ca altiné loolu mooy "taarix" ba wér na
30. Kerook banii nee Serigne MBay Thiaw nelawna
ku xam Baay MBay bu selle xolam leundeum na

31. Malaaka ya nekk kaw asamaaw yi jooy na
ngireek ruuham ga leen romboon ba wéy na
32. "jibaalu" yi ak "buhuuru" gééj gi jooy na
ba dieun ya ca biir di sabbal mbeur nélaw na
33. Garab yeek suuf si ak asamaan yi jooy na
ci ak faatoom kudul kok xol ba dee na
34. Nabee noon waaju am xamxam bu faatoo
ku titul moodi ab naa féq wér na
35. Te ab naféq "jahanama" moodi néégam
euleuk ca la dieum ca asfala saafiliina
36. "Nahuuzu bi Laahi" yalnanu Yalla jammal
te xiir nu ci topp yoon wa nga xamne war na
37. Xarit yow kaay niu waxtaan seetlu dunyaa xalam
ni mu def nioniam ndax xellu jot na
38. Bu adina doon keurub béél kay dinay yor niu
baax gni fi jiituwoon du niu jok jamaana
39. Yonnenta yi Yallah daan wahyook niou baax
niaak
nia doon waliyook saaba ya niépp dem na
40. Amoon na niu Yallah jay def leen iu diy buur
demon ba di naagu tey seen yax feuneukh na
41. Nia Yallah jayoon niu moom dunya ca penkook
sawook mbooleem digunté niépp dem na
42. Dammel yi fi woon Baraak yaak Teegn ya ak
seen jaraaf yaak dak ya tey gnii niep dem na
43. Niou baax gni fi daan doundeul lilaam cidunyaa
ku melni Limaamu ak seex Bamba Seexnaa
44. Te moy seex Saadibook, alhaaji Maalik
ka jappe mbiram ca seexu Omar Kamaal na
45. Al haaji Omar ma da xeex ngir ga lislam
"kazaa" Alhaaji Ablaay Niass jiyaar na
46. Serigne Thianaba ak Buu Kunta gni niep
niu baax la niu woon te tey ku ci nekk dem na

47. Bu adina doon keurub béél kay di nay yor
Rasuulu Laahi konte du jok jamaana
48. Bu adina doon keurub béél kay di nay yor
Saaba Rasuulu Laahi nia am "lamaana"
49. Bu adina doon keurub béél kay di nay yor
Limaa mu Laahi koon di nay sax "xuruuna"
50. Bu adina doon keurub béél kay di nay yor
Isaa Ruuhul Ilaahi boroom jamaana
51. Bu adina doon keurub béél kay Serigne MBay
di nay sax wuuf njaboot gi faatu "laanaa"
52. Illahii yalna ngay taw niiru xééweul
ca Baay MBay muy karaama ca ilayiina
53. Fa Baay MBay féété woon na fa Yallah wuutal
loxoom ak yemandeem bamu am "lamaanaa"
54. Te mey nu Manjoon mu sax ci njaboot gi yorleen
nde koon dunu jaaxle moo di kamaal te doyna
55. Manjoon yaay waaju mat kula xam di nay niaan
sa fan wi di wéy di dem ba nga am "xuruunaa"
56. Te tey ya fiy ku doon takandeeru Baay Laay
ci goor gni bu ken werante meyuk Manjoonaa
57. Nu ngiy niaan yallah bayyi la feek njaboot geek
jullit niepp ndax nga dekkal xolyi wéét naa
58. Nu ngiy niaan Yallah boole njaboot gi ciw yiw
defal nu ci fepp fu nu jeum am lamaanaa
59. Dimmal nu ba kepp koo gis muy saxoo naa,
Alhamdu li Laahi Rabbil aalamiina
60. Saxal nu ci diiné mey nun koom te bagn noo
natoo cik beew wallak niakkaak di sonna
61. Ilaahii noo gi lay niaan sax ci liimaan
bi jaai Imaami Laahi sangub jamaana
62. "Salaatu Laahi zumma salaamu rabbii Alal
muxtaari xayril aalamina

"Xayartu Limaamu"

par: Imam Mouhammadou Saxiir Gaye (RTA)

1-Bi ismil Ilaahi ma wax fii li Laahi
« Fadaa-i là Laahi » ci waa ahlu Laahi

2-Buur Yàlla-a di xééwël, ba tax ku ka gééwël
Di sikar mu xééwal la, jannata Laahi

3-Nun dey wàr nanoo xam ne Yàlla nammeelam
La indi ci baaxam Imaamil Laahi

4-Mu yékkëti lilaam mu sax fii ci «kàllaam »
« Minna Laahi » baatam ba jolli wa Laahi

5-« Xayartu » Limaamu mi ñëw ngir nu jaamu
Ba yékki « Kàllamu tawhiidi li Laahi

6-« Alhamdu li Laahi bi tawfiixi Laahi »
Imaamu Ilaahi nu gëm ko wa Laahi

7-« Fayaa Ahlu laahi » saxoo leen li Laahi
« Bi Zikril Ilaahi » te doyy loo bi Laahi

8-Buur Yàlla cik màggaam la yònni malaykaam,
Ñuy seet gééwi gaayam ci waa « Ahlu Laahi »

9-Seen jénééri yu leer ya , ya leer melni weer yaa
Ñoo leer gindi gaa ya ñu wër leen wa Laahi

10-Malayka ya peek leen te wër leen te yiir leen,
Fu ngeen ne ñu xam leen bi Zikril Ilaahi.

11-Te ñoom du ñu dellu feek gaaya di booloo
Ci Yàlla te doylloo « Bi Zikril Ilaahi »

12-Ba saa ya ñu delloo ca Buur ba ñu doylloo
Mu laaj la ñu soxla « Bi Zikril Ilaahi. »

13-Ñu naa ka yaa Rahmaan da ñoo ragal « niiraam »
Té bëgg am « ridwaan » « Bi nihmati Laahi »

14-Buur Yàlla naa leen ndax dañoo mosa gis sax
Mbugël ya ca biir tax ñu gëm ma fii Laahi

15-Am ñoom dañoo séénoom Aljana ak wildaan
Yay teeru ñaa deewoon “fi rahmati Laahi”

16-Malayka ya naa ka diwa nga fa kooka
Da doon déglu rekka “Bi Zikril Ilaahi”

17-Yàlla ne mey naa leen la ñuy wut te maa leen
Di wottu musël leen « Bi nasrati Laahi »

18-Malayka ya naa ka da ñoo dégg « an ka »
Rasuulu wax leen ka ñu gëm ko wa Laahi

19-Yàlla ne mey naa leen la ñuy wut té maa leen
Di wottu musël leen « Bi nasrati laahi »

20-Malayka ya naa ka diwa nga fa kooka
Da doon déglu rekka « Bi Zikril Ilaahi »

21-Yàlla ne jéggël naa ñoom népp te wòòr na
Ak ku xolom neex na « Bi Zikril Ilaahi »

22-Lii dey doy na cee wax ci kuy dégg ay wax
Ndax Buur Yàlla moo wax “fi Zikril Ilaahi”

23-“Wul law kaana bahru Midaadaan fa bahru
La nafidal bahru Li kilmati Laahi”

24-Seetal saaru kaafi ba giska te kaay fii
Nga xamne amul fii lu gën Zikril Laahi

25-Yalna nu Buur Yàllay Tëbb ca leeram yay
Ngënnèl ya ci wormay Imaamil Laahi

26-« Wa salli wa salliim Ilaahi wa karim
Alaa Seydil ummam Bi zikril Ilaahi”